

Lojman, nan yon mwa Tweet (mesaj poste nan media sosyal)

Nan mwa avril 2016, Autism Housing Pathways te afiche yon seri longè Tweet "Lide jodi a sou lojman pandan mwa otis la (Autism Month Housing Thoughts of the Day)". Te gen ladan yo yon ti gid aprantisaj sou lojman pou moun ki soufri otis ak lòt andikap devlopman. Pami sa yo montre nan gid aprantisaj la, nou jwenn sibvansyon pou lojman ak sèvis soutyen. Yo te mete yo ajou ak bibliye yo ankò la a, avèk twa kòmantè siplemantè pou yo ajoute enfòmasyon sou egzonerasyon Medicaid yo. Yo mete akwonim yo la a, paske yo pa t nan Tweet orijinal yo. Pou w jwenn plis enfòmasyon sou plizyè nan sèvis nou mansyone yo, al gade lis kontwòl nou an ki rele "Vin gen 18 an" (Turning 18) an.

1. Pami moun sa yo ki gen fanmi ki enplike nan swen yo, se apeprè 12% sèlman k ap kalifye ak gen priyorite pou yo resevwa Sèvis rezidansyèl kominotè atravè Depatman sèvis pou devlopman [Department of Developmental Services(DDS)] lè yo gen 22 an.
2. Li pran souvan 5-10 ane pou planifye ak aplike yon estrateji pou lojman ; kòmanse a 18 an si objektif la se mennen yon lavi otonòm lè w gen 30 an.
3. Ekwasyon lojman an se : brik & mòtye + manje + sèvis = lojman. Gen sibvansyon pou tout moun, men se pa yo tout ki ka konbine.
4. Yo ka itilize Revni siplemantè Sekirite Sosyal [Supplemental Security Income (SSI)*] pou nenpòt pati ekwasyon an. Moun yo ka aplike an fonksyon de pwòp revni yo lè yo gen 18 an.
5. Gen limit maksimòm byen ak revni ki ka diskalifye yon moun pou l jwenn SSI ; lòt revni ka diminye alokasyon yo. Eseye evite mete byen sou pwòp non moun nan.
6. Si yon moun gen SSI, l ap otomatikman kalifye pou MassHealth (Medicaid). Medicaid se mwayen prensipal pou moun peye pou sèvis yo.
7. Yo ka itilize Asirans pou moun ki gen andikap Sekirite sosyal la [Social Security Disability Insurance (SSDI)*] pou nenpòt pati ekwasyon an. Byen ak revni ki pa salè w pap afekte alokasyon yo.
8. SSDI ap fè w kalifye pou Medicare (pa Medicaid) apre 2 an. Ou pap ka itilize Medicare pou sèvis alontèm yo.
9. Pou moun sa yo ki andikape anvan yo te gen 22 an, SSDI ka baze sou pwòp revni yo oswa revni yon paran, kou paran an pran retrèt li.
10. Eseye pa pran retrèt ou pazavan pitit ou a resevwa SSI kòm yon adilt. Si w pran l anvan sa, li ka pa kalifye pou MassHealth.
11. Moun sa yo ki pa kalifye pou MassHealth ka kalifye pou CommonHealth si yo travay 40

èdtan / mwa.

12. Moun yo ka kalifye tou pou CommonHealth si yo reponn a kritè "fin depanse tout sa w posede anvan w jwenn asirans" yon sèl fwa.

13. Sibvansyon pou lojman ki pi enpòtan an se Section 8. Aplike lè w gen 18 an. Ale sou www.18section8.org pou w aprann kòman pou w fè l.

14. Pou w jwenn yon bon Sec. 8, w ap bezwen ret tann jiska 12 an. Aplike lè w gen 18 an.

15. Yon manm fanmi an kapab mèt kay Sec. 8 yon moun ki gen yon andikap. Men, li pa ka abite nan menm apatman an.

16. Yon moun ki bezwen yon asistan pou abite avè l ka jwenn yon bon Sec. 8 pou yon kay 2 chanm a kouche. Men, asistan an pa ka yon fanmi pwòch.

17. Koupon alimantè ak Sec. 8 pap lakoz yo diminye nan alokasyon SSI yo. Moun kalifye an jeneral pou koupon alimantè lè yo gen 22 an.

18. Moun k ap resevwa koupon alimantè a dwe achte ak prepare manje "totalman apa" de rès kay la.

19. Sèvis plan asirans pou eta a MassHealth (MassHealth State Plan Services) genyen yo se mwayen prensipal pou moun peye pou sèvis ak soutyen alontèm. [Bagay siplemantè : apa egzonerasyon Medicaid yo -- nou pale de egzonerasyon yo anba a.]

20. Sèvis plan asirans yo pou eta a MassHealth genyen yo se dwa otomatik. Pa gen lis datant si w kalifye.

21. Swen dakèy / familyal pou adilt [Foster / Family Care (AFC)], Asistan k ap bay swen pèsònèl [Personal Care Attendant (PCA)], ak Swen dakèy pou plizyè adilt [Group AFC (GAFC)] se sèvis plan asirans eta yo.

22. Ou pa ka konbine AFC, PCA, ak GAFC. Chwazi youn.

23. AFC peye yon moun k ap bay swen ki abite avèk moun nan yon gratifikasyon. Yon paran ki pa yon titè ka yon moun kap bay swen.

24. Konsidere ekonomize gratifikasyon AFC a pandan w ap tann yon bon Sec. 8. L ap reprezante yon bon pati nan lajan w ap bay alavans lan.

25. Jeneralman AFC pa ka konbine avèk bon alimantè.

26. Yo ka itilize GAFC sèlman nan rezidans pou moun ki depandan (assisted living) oswa lojman

ki jwenn sibvansyon (subsidized housing) – pa avèk yon bon Sec. 8 mobil.

27. Yo ka itilize èdtan pou soutyen endividyèl DDS yo avèk AFC, PCA, oswa GAFC.

28. Yo ka itilize lajan lojman DDS yo nan sitiyasyon kote se 5 moun oswa mwens k ap viv nan yon kay.

29. Fanmi yo kapab prete nan [Home Modification Loan Program] (Fon Prè Kay modifikasyon) pou ede kreye yon apatman tache. Yon pwojè lwa nan lejislati a ta fè kreye apatman tache yon otomatikman pèmèt itilize zonaj.

30. Lojman + aptitud pou fonksyone nan lavi = Lavi otonòm :

<http://autismhousingpathways.org/independent-living-skills-the-horse-that-pulls-the-housing-cart/>

31. Bonis jou: "Thinking about housing" (Nou panse sou lojman) se achiv nan

<https://autismhousingpathways.org/thinking-about-housing-webinar-tuesday-march-17th/>

Bagay siplemantè -- Egzonerasyon Medicaid :

1. Moun sa yo k ap resevwa sèvis nan men DDS kapab aplike pou yon egzonerasyon Medicaid. Gouvènman federal la ranbouse eta a mwaye nan frè sèvis egzonerasyon yo.

2. Sèvis egzonerasyon yo se sèvis transferab, sa vle di lajan an konsakre pou moun ki nan egzonerasyon an, epi yo ka transfere ak moun nan.

3. Gen twa kalite egzonerasyon : Soutyen entansif, Viv nan kominote, ak Soutyen pou adilt.

<https://www.mass.gov/lists/dds-home-and-community-based-services-hcbs-waiver>

* Èd dijans pou moun aje, enfim, ak timoun [Emergency Aid to the Elderly, Disabled, and Children (EAEDC)] se yon lajan kach ki disponib pou kèk sitwayen Massachusetts ki pa kalifye pou SSI oswa SSDI.